



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ASISTANS GRATIS POU RANPLI TAKS PANDAN  
DIFERAN EVÈNMAN NAN VIL NEW YORK**

***Volontè Depatman Kontribisyon (Tax Department) Pwal Òganize Twa Evènman  
pou Kontribiyab ki pa Fè Ase Lajan oswa ki pa Fè Twòp Lajan, pou yo Ranpli Taks  
yo Gratis***

***Apeprè 3 Milyon Rezidan Vil New York Kalifye pou Ranpli Taks yo Gratis***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse y ap ofri asistans gratis pou ranpli taks pandan diferan evènman nan Vil New York pou ede kontribiyab ki pa fè ase lajan osinon ki pa fè twòp lajan ranpli taks yo sou òdinatè. Kontribiyab sa yo ka ranpli pwòp taks pa yo gratis men y ap jwenn asistans nan men volontè Depatman Kontribisyon pandan evènman k ap fèt nan dat vandredi 3 Mas, samdi 4 Mas, ak samdi 11 Mas. Sa yo se premye nan yon seri okasyon kote asistans gratis nan zafè taks ap disponib toupatou nan New York nan semèn k ap vini yo.

“Lè nou ede moun ak fanmi k ap travay di ranpli taks yo, nou asire ke plis moun ka ranpli taks yo alè e kòm sadwa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje tout moun ki kalifye pou yo patisipe nan yon evènman k ap pèmèt yo ranpli taks yo sou òdinatè, pran leson nan men volontè yo, e pran avantaj sèvis gratis sa a pandan sezon taks la.”

Kontribiyab New York ki gen revni brit ajiste ki se 64,000 oswa pi piti pou ane 2016 la kalifye pou yo ranpli fòm taks yo gratis pandan evènman sa yo, grasa yon lojisyèl sou entènèt. Lojisyèl taks la ap ede redui erè e asire ke moun reklame kredi enpòtan. Pousantaj erè ki fèt lè moun ranpli taks yo sou entènèt 20 fwa pi ba pase lè moun ekri sou papye; li pran mwens tan pou Depatman an pran ka taks yo, e li pèmèt moun resewva ranbousman pi rapid.

Anplwaye Depatman Kontribisyon ap sou plas pandan evènman sa yo pou reponn keksyon sou lojisyèl lan. Men ki evènman ki pwal fèt nan Vil New York:

**Vandredi 3 Mas**

11 a.m. – 4 p.m.

Assemblymember Linda B. Rosenthal

230 West 72nd Street, Suite 2F

New York, NY 10023

**Samdi 4 Mas**

10 a.m. – 4 p.m.

United Neighborhood Housing Program

2751 Grand Concourse

Bronx, NY 10468

**Samdi 11 Mas**

10 a.m. – 4 p.m.

Opportunities for a Better Tomorrow

280 Wyckoff Avenue

Brooklyn, NY 11237

**Manm Enterimè Komisyon Kontribisyon ak Finans (Taxation and Finance), Nonie Manion, te di konsa,** “Gouvènè Cuomo ap fè li pi fasil toujou pou moun New York jwenn sèvis pou ranpli taks gratis sa a. Evènman sa yo pral ede kontribyab yo ki gen taks ki relativman senp evite depansè lajan pou peye yon anplwaye prepare taks yo e sa va ba yo konfyans yo bezwen pou ranpli taks yo sou òdinatè pou ane k ap vini yo.”

Depi sezon taks la kòmanse nan mwa Janvye, Depatman Kontribisyon te kolabore avèk bibliyotèk ak lòt òganizasyon pou ofri asistans nan zafè taks bay plizyè milye kontribyab nan [54 kote](#) nan tout Eta New York. Kontribyab ki gen revni brit ajiste ki se 64.000 oswa pi piti e ki pa ka ale nan yon evènman gratis gen dwa jwenn lojisyèl gratis la sou [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov) pou ranpli taks federal ak taks eta yo gratis (chèche: free file).

Depatman Kontribisyon ofri yon sistèm ki an sekirite e ki kode pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ak konfidansyèl moun k ap ranpli taks li a. Lè yon moun ranpli taks li sou entènèt, sa ede l evite pèdi papyè oswa fè yon moun vòlè li nan lapòs la. Lè yo ranpli taks yo lakay yo oswa sou sit gratis sa yo, kontribyab yo ap fè ansòt yo resevwa tout kredi taks yo kalifye pou yo. Apeprè 92 pousan tout fòm taks sou revni pèsònèl nan New York ranpli elektwonikman.

###